ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№37 (21.195) ● 2008 гъэм мазаем (февралым) и 27, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●КЪБР-мрэ Тырркумрэ я зэпыщІэныгъэр нэхъ быдэ мэхъу

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Къасэр вилайетым и губернатор Билиджи Неджатирэ щызэІущІам.

Къайсэр и уэрамым Налшык и цІэр зэрехьэ

**«Кавказым къикІа щхьэкІэ, хъурыфэ пыІэ льагэхэр ящхьэрыгъкъым, Іуэху зехьэкІэ хабзэхэми фІыуэ хащІыкІ, ипэжыпІэкІэ дэ зыкІи кьытщхьащыкІэркъым», - зэхуаІуэтэжырт тырку хьэрычэтыщІэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и делегацэм хэтхэм щаІущІам яльэгъуахэр. КЪБР-м и лІыкІуэхэм ящыщ языныкъуэхэми щІэуэ куэд кьащІат: нэгъуэщІ къэралхэм щІэупщІэ щызнІэ щыгъынрэ вакъэрэ зэрадым, ухуэныгъэм зэрыхэзагъэм кьыдэкІуэу, мы къэралым и цІыхухэм автобусхэр зэпкральхьэ, щІыпІалъэхэр, унагъуэхэм къагъэсэбэп нэгъуэщІ техникэ куэд кьыщІагъэкІ, сыт хуэдэ предприятэри зыхуеину инфраструктурэ зыубгъуэ зиІэ иджырей промышленнэ щІыналъэхэр кьыэзрагъэпэщ. КІэщІу жыпІэмэ, зэпсэльэныгъэхэр зэрекІуэкІа махуитІым кьриубыдэу льэныкъуитІми сэбэп кьахуэхьун куэдым щыгъуазэ защІащ.

РЕСПУБЛИКИТІЫМ я лІыкІуэхэр 2003 гъэ льандэрэ Налшыки абы кьуэш хуэхъуэ Къайсэр тырку кьалэми мызэ-мытІэу щызэхуэзащ. Ауэ мыпхуэдэ делегацІэ ни къэралІуэхэкІэ иджы ягъэ гъэгъу техьауэ араш. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен я пашэу Къайсэр кІуащ щыхъ 55-рэ. Абыхъэм яхэтщ министерствэхэм, промышленнэ предприятэ инхэм я унафэщІхэр, район, кьалэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, хьэрычэт лэжьакІуэхэр, депутатхэр, артистхэр. Ахэр гъэгъу техьащ Кьэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрыхьхьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэм хэтыну нэгъабэ ди деж кьыщыкІуам щыгъуэ Къайсэр кьалэм и Іэтащхьэ Озхасекни Мехмет ди республикэм и лІыщхьэр иригъэблэгъауэ зэрыщытам ипкъ иткІэ.

Мазаем и 19-м КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и кьхьулъатэр Къайсэр и аэропортым щетІысэхащ. Абы кьыІущІащ мы кьалэм и Іэтащхьэ Озхасекни Мехмет, нэгъуэщІ кьулыкъущІэхэр, апхуэдэу Къайсэр, Анкара, Истамбул щыІэ Адыгэ Хасэхэм я унафэщІхэр. Аэропортым икІри Къанокъуэ Арсен Къайсэр вилайетым и губернатор Билиджи Неджати ІущІэну кІуащ. Абы кьыщыщІипсальэм КъБР-м и Президентым кьыхигъэщащ кьуэш зэрыщІа кьалитІыр зэрыщыубыдым икІи а щІыналъэр Къэбэрдей-Балькъэрым кьыдэлэжьэну зэрыхьэзырым. Апхуэдэу ар щІэупщІащ хьэрычэт лэжьакІуэ щрагъэжьІуэкІым папщІэ КъБР-м щыІэ Іэмалхэм, псальэм папщІэ, хьэрычэт лэжьакІуэхэм я щынагъуэшхагъэр кьыдзэрызэрагъэпэщыкІыну, налогхэм я лъэныкъуэкІэ абыхъэм зэрыхудачыхьынум. Къэбэрдей-Балькъэрым и унафэщІым быдэу жиІащ инвесторхэм папщІэ ди республикэм Іэмал тэмэмхэр зэрыщызэтеувар, абыхъэм мыльку яфІэкІуэдынкІэ щынагъуэ лъэпкъ кьаэзрытемыкьхьэнумкІэ езыр шэсыпІэ зэрихьэфынур. «Мы зэманым дэ кьэдмытэсэбэпу уху щызыгъэ куэд диІэщ инфраструктурэм и лъэныкъуэкІэ тэмэму кьыІэсІэгъэпэщауэ. Абыхъэм зыхуэфащэ оборудованэ щІагъэуэвэу лажьэу яутІыпщым хуейуэ араш. Дэ иджыпсту дызыхуэныкъуэр иджырей технологиемрэ ар кьэзыгъэсэбэпыфыну Іэщагъэлі-хэмрэщ». Апхуэдэу абы жиІащ, нэгъуэщІ кьэралхэм я кьращу Урысейм кьащІэ хьэпшыпхэм трапльхьэ поШлинэр зэпымыууэ нэхъ ин зэрыхьур кьэпльытэмэ, тырку хьэрычэтыщІэхэм я дежкІэ сыт хуэдэ продукцэрэ УФ-м и щІыналъэм кьыщыщІэгъэкІыну зэрынэхъ фейдэр. Абы и жэуапу Билиджи Неджати кьыхигъэщащ лъэныкъуитІыр зэрызэдэлажьэну Іэхуэу Къэбэрдей-Балькъэрым и промышленнэ Іэхуэщапіэхэм я унафэщІхэм я псоми хэпльэну зэрыхьэзырыр. ЗэІущІэм и кІэухым Къанокъуэ Арсен бысымым тыгъэ хуищІащ пасэрей дыжьын кьамэ. А махуэ дыдэм КъБР-м и Президентымрэ вилайетым и губернаторымрэ зэщІыгъуу щыІащ кьалэ музеймрэ Къайсэр дэт сату центр нэхъ ин дыдэмрэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къайсэр кьалэм Налшык бульварыр кьыщыхэІуах.

Хьыбарегъащ Іэнатіэхэри икъукІэ яфІэгъэщІэгъуэну кІэлъыплъащ Къайсэр кьалэм щекІуэкІа зэІущІэхэм.

Медведевыр я хьэщІащ

УФ-м и Правительствэм и яп-э вице-премьер Медведев Дмитрий Уфа щыІащ.

Ар ягъэхьэщІащ Башкириемрэ я кьалащхьэм жьы хьуахэр щапІыжу щыІэ унэм щыпсэуэхэм. УФ-м и Президентым и кандидатым жиІащ ди къэралым нужьрей ильэсиблым, ахьшэм тельыджІэкІым тепщІыхьымэ, пенсэхэр хуэдэ 1,7-кІэ нэхьыбэ зэрыщыхъуар. АрщхьэкІэ ар иджыри мащІэщ икІи Урысейм дяпэкІи кьаруушхуэ щрахьэлІэнущ пенсэхэр Іэмал зэриІэкІэ кьэІэтыным, кьыхигъэщхьэхукІащ абы.

Абхьазыр утыку кьохьэ

Абхьазым и президент Бэгъэщ Сергей жиІащ щыпальэр щхьэхуэу кьалытэну кьэзыгъэув тхылъхэр мыгувэу дунейпсо зэгухьэныгъэхэм зэрыхуагъэхьынур.

Апхуэдэ тхылъхэр мы зэманым зэхъхьэзыр. Дэ зыхуэдгъэзэнущ ООН-м, ПАСЕ-м, Урысейм и Къэрал Думэм, УФ-м и политикэ унафэщІхэм хамэ унафэ дызэрыщІэмытыжыр кьалытэну яхуэдгъэуву, жиІащ Абхьазым и президентым.

Тбилиси яшэжащ

Дунейм и цІыху нэхъ кьулей дыдэхэм ящыща Патаркацишвили Бадри и хьэдэр Тбилиси яшэжащ.

Ар махуэ зыбжанэ и пэкІ Лондон щІэ и льапсэ уардэм щыІащ. Дохутырхэм зэкІэ зэрыжаІэмкІэ, ар гуузым илІыкІащ. Патаркацишвили доллар мелярди 7-8 кьыщІэнауэ хуагъэфащэ. Ар мазаем и 27-м щІальхьэнущ.

ЦІыхухэм еупщІу ядэжьнукъым

Дыгъуасэ щыщІэдзауэ ядэжыркъым президент хэхьыныгъэхэм кьрикІуэкІэ хьуну щхьуагъэфащэхэмкІэ цІыхухэм еупщІу.

Абы кьокІа хэхьныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырыныр и кІэм нэблагъэуэ.

УФ-м и ХэхакІуэ Комиссэ Нэхьащхьэм и унафэщІ Чуров Владимир зэрыжиІамкІэ, дунейпсо зэгухьэныгъэхэм кьабгъэдэкІыу кІэлъыплъакІуэ щищым щІигъу ди деж кьэкІуэнущ. Апхуэдэу хэхьныгъэхэр зэрекІуэкІыр кьагъэльэгъуэнущ урысей, хамэ кьэралхэм журналисту минитІым щІигъум.

СабиплІ кьалъыхъуэ

Санкт-Петербургрэ Ленинград областымрэ я милицэм кьалъыхъуэ интернатым щапІ сабиплІ.

Я пэрентІыр зэрамыгъэтрэ махуэ зыбжанэ хьуауэ. Дыгъуасэ школым щикІыжым бзэхащ адрейхэр.

Сабийхэр кьэлъыхъуэным кьаруушхуэ ирахьэлІащ. Іуэхум хьыхащ прокуратурэр.

(ИТАР-ТАСС).

♦Доминикан Республикэм и льэпкъ гуфІэгъуэщ - кьэралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1844).

♦ Москва щекІуэкІынущ «Урысей сату олимпі» саугъэтым и лауреат хьуахэр гъэлъэпІэным ехьэлІа Іуэхуэр.

♦Мазаем и 27 - 29-хэм Иркутск щекІуэкІынущ «Байкалтур» XII дунейпсо турист выставкэр.

♦1945 гъэм ди льэпкъэгъу Мэсей Аслъэнджэрий Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр кьыфІащащ.

♦ИлІъэ 85-рэ и пэкІэ кьалъхуащ уэрэджыІакІуэ, педагог, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артисткэ Великановэ Геленэ (1923 - 1998).

♦1941 гъэм кьалъхуащ шэрджэсэ уэрэджыІакІуэ, КъШРмрэ УФ-мрэ я цІыхубэ артист, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Гъуэт Хьусин.

♦Дыгъэ кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 49-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакьикьэ 52-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикьи 3-рэ.

ПІалинэр зыгъэхьэзырар ЩАЛ Мухьмэдщ.

Щыхьэ Іуэхуитіу

Дэтхэнэми зэманыгъуэ иІэщ.

«Урысейм и гъэщІ гъэзагъэр» ОАО-м и къудамэу Прохладнэ къалэм дэт вагонхэр щызэрагъэпэщыж предприятэр УФ-м щынэхьыфІу къалытащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭ купщІафІэм кьежьапІэ хуэхъуащ илъэс кІуам мы Іэнатіэм щагъэувам и иджырей Іэмэпсымэхэр. «Кавказ Ищхьэрэ гъэщІ гъэзагъэ» зэгухьэныгъэм и Минераловодск, Грознэ, Мэхъэчкъалэ гъэзагъ Іыхьэхэм щызэфІагъэкІ лэжьыгъэм и мызакъуэу, предприятэм егъэзащІэ Прохладнэ куейм щызэхэт уней компание зэмылІэужьыгъуэхэм зэрызыкьхуагъбазэ лъэІуэхэри. Апхуэдизэ лэжьыгъэ зи фэ дэхуэ Іэщіагъэлізэр зы дакьикъи Іуэхунш хъуркъым. ГъэкІуам зы мазэм кьриубыдэу вагон 210-м нэблагъэ зыхуей хуагъэзэжамэ, дызытехьа илъэсым абы и бжыгъэр 300-м нагъэсащ. УнафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, Прохладнэ вагон депор Урысейм щынэхьыфІ дыдэу кьыщІадыгам нэгъуэщІ зы щхьэусыгъуэ иІэщ: мы объектым цІыху гъащІэмкІэ щынагъуэ пІыпІ пэтми, иужьрей илъэси 6-м кьриубыдэу зы фэбжь кьыщамыгъэхъун яхуэзфІэкІащ, я лэжьакІуэхэр яхьумащ. Нобэ мыбы щылажьэ цІыху 300-м я мазэ улахуэр сом мини 10-м кьыщыщІэдзауэ 18-м нос, ар и чэзум ират.

Ди къэралым пашэ щыхьуа Іуэхущапіэм ЩІыхь тхьилъэ ахъшэ саугъэтрэ кьратащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Урысейм пашэ щыхъуащ

● ЗэІущІэхэр

Гъуазэу кьалъытэ

«Іуащхьэмахуэ» литературнэ журналыр кьыхэзырыдэкІэрэ илъэс 50 зэрырикъум ехьэлІа гуфІэгъуэ зэІущІэ Бахьсэн кьалэм дэт еханэ кьурыт еджапІэм щекІуэкІащ. ЕгъэджэныгъэмкІэ Бахьсэн кьалэ департаментым и жэрдэмкІэ.

ЗЭІУЩІЭМ ирагъэблэгъащ «Іуащхьэмахуэ» журналым и лэжьакІуэхэр, куеим и егъэджакІуэ, еджакІуэ нэхьыфІхэр, цыхуэ з органзащхэм я лыкІуэхэр.

ЗэІущІэр кьыхэІуахащ 1958 гъэ льандэрэ кьыдэкІ журналым зи гуащІэрэ зи лэжьыгъэрэ ильэс куэд льандэрэ езыхьэлІэ журналист, тхакІуэ цІэрыІуэхэм яхуэгъэзэ фІыщІэ псальэкІэ.

«Іуащхьэмахуэм» кьикІуа илъэс 50 гъэзгуанэм теухуауэ пшыхьым кьыщыпсэльыну Бахьсэн кьалэ Бахьсэн и еджапІэм и унафэщІхэм я унафэщІ и къудамэ Мэлей Лидэ, методист Щад Иринэ, зэхьыхэр щрагъэкІуэкІа курыт еджапІэм и унафэщІ Елмэс Руслан, егъэджакІуэ пажэ Елмэс Людмилэ сыМэ. Абыхэм кьыхагъэщащ щыІэ щхьэхуэ щІэблэр бэм и гъащІэм куууэ хэгъэгъуэзэным, анэдэлъхубзэм гъэхуауэ ирипсэльэным ехьэлІауэ «Іуащхьэмахуэм» нІэ мыхьэнэр зэрыгъэнахьэнщэр.

ЗэІущІэр нэгъэзыужьу, тхакІуэхэм кьаІуэтэж хьыбар гъэщІэгъуэнхэмкІэ гъэнщІауэ кІуэкІащ. ХьэпІэхэм ирагъэльэгъуащ драматургэ щІэрыІуэ «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхьащхьэ ІутІыж Борис и гушыІэхэм еджакІуэ цІыкІухэм кьытращыкІа театр тепльэгъуэхэр, кьафэхэр, бзнщкІэ (адыгэбзэкІэ, балькъэрбзэкІэ, урысыбзэкІэ) уэсэхэм кьеджащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Медицинэ

УФ-м и Правительствэм и яп-э вице-премьер Медведев Дмитрий Уфа щыІащ.

Ар ягъэхьэщІащ Башкириемрэ я кьалащхьэм жьы хьуахэр щапІыжу щыІэ унэм щыпсэуэхэм. УФ-м и Президентым и кандидатым жиІащ ди къэралым нужьрей ильэсиблым, ахьшэм тельыджІэкІым тепщІыхьымэ, пенсэхэр хуэдэ 1,7-кІэ нэхьыбэ зэрыщыхъуар. АрщхьэкІэ ар иджыри мащІэщ икІи Урысейм дяпэкІи кьаруушхуэ щрахьэлІэнущ пенсэхэр Іэмал зэриІэкІэ кьэІэтыным, кьыхигъэщхьэхукІащ абы.

Абхьазыр утыку кьохьэ

Абхьазым и президент Бэгъэщ Сергей жиІащ щыпальэр щхьэхуэу кьалытэну кьэзыгъэув тхылъхэр мыгувэу дунейпсо зэгухьэныгъэхэм зэрыхуагъэхьынур.

Апхуэдэ тхылъхэр мы зэманым зэхъхьэзыр. Дэ зыхуэдгъэзэнущ ООН-м, ПАСЕ-м, Урысейм и Къэрал Думэм, УФ-м и политикэ унафэщІхэм хамэ унафэ дызэрыщІэмытыжыр кьалытэну яхуэдгъэуву, жиІащ Абхьазым и президентым.

Тбилиси яшэжащ

Дунейм и цІыху нэхъ кьулей дыдэхэм ящыща Патаркацишвили Бадри и хьэдэр Тбилиси яшэжащ.

Ар махуэ зыбжанэ и пэкІ Лондон щІэ и льапсэ уардэм щыІащ. Дохутырхэм зэкІэ зэрыжаІэмкІэ, ар гуузым илІыкІащ. Патаркацишвили доллар мелярди 7-8 кьыщІэнауэ хуагъэфащэ. Ар мазаем и 27-м щІальхьэнущ.

ЦІыхухэм еупщІу ядэжьнукъым

Дыгъуасэ щыщІэдзауэ ядэжыркъым президент хэхьныгъэхэм кьрикІуэкІэ хьуну щхьуагъэфащэхэмкІэ цІыхухэм еупщІу.

Абы кьокІа хэхьныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырыныр и кІэм нэблэгъуэ.

УФ-м и ХэхакІуэ Комиссэ Нэхьащхьэм и унафэщІ Чуров Владимир зэрыжиІамкІэ, дунейпсо зэгухьэныгъэхэм кьабгъэдэкІыу кІэлъыплъакІуэ щищым щІигъу ди деж кьэкІуэнущ. Апхуэдэу хэхьныгъэхэр зэрекІуэкІыр кьагъэльэгъуэнущ урысей, хамэ кьэралхэм журналисту минитІым щІигъум.

СабиплІ кьалъыхъуэ

Санкт-Петербургрэ Ленинград областымрэ я милицэм кьалъыхъуэ интернатым щапІ сабиплІ.

Я пэрентІыр зэрамыгъэтрэ махуэ зыбжанэ хьуауэ. Дыгъуасэ школым щикІыжым бзэхащ адрейхэр.

Сабийхэр кьэлъыхъуэным кьаруушхуэ ирахьэлІащ. Іуэхум хьыхащ прокуратурэр.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

♦Доминикан Республикэм и льэпкъ гуфІэгъуэщ - кьэралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1844).

♦ Москва щекІуэкІынущ «Урысей сату олимпі» саугъэтым и лауреат хьуахэр гъэлъэпІэным ехьэлІа Іуэхуэр.

♦Мазаем и 27 - 29-хэм Иркутск щекІуэкІынущ «Байкалтур» XII дунейпсо турист выставкэр.

♦1945 гъэм ди льэпкъэгъу Мэсей Аслъэнджэрий Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр кьыфІащащ.

♦ИлІъэ 85-рэ и пэкІэ кьалъхуащ уэрэджыІакІуэ, педагог, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артисткэ Великановэ Геленэ (1923 - 1998).

♦1941 гъэм кьалъхуащ шэрджэсэ уэрэджыІакІуэ, КъШРмрэ УФ-мрэ я цІыхубэ артист, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Гъуэт Хьусин.

♦Дыгъэ кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 49-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакьикьэ 52-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикьи 3-рэ.

ПІалинэр зыгъэхьэзырар ЩАЛ Мухьмэдщ.

● Псапэ

ЕкІуэлІапІэншэхэм папщІэ унэ

Нобэ хэт и джкІи щэхукъым цІыху екІуэлІапІэншэ куэдым ди республикэм (псом хуэмыдэу кьалэ уэрамхэм) уаззэрыщрихьэлІэр. Апхуэдэхэм щапІэпыкъун унэ Прохладнэ кьыщызэІуахьын хуейуэ КъБР-м и Правительствэм унафэ кьыщтащ.

УНЭМ нэху кьыщекІыфынущ цІыху 30-м нэс. Абыхэм сымаджэ кьахэкІмэ, апэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр хуащІэнущ, ягъэшхэнущ, псэуа, лэжьыгъэ кьитІуэта зэрыхьэныжьмкІэ кьежьэжьнущ. ЕкІуэлІапІэншэхэм хуэхаха унэр зэгъэпэщыжьным текІуэдэну ахьшэр республикэ бюджетым кьыхэкІынущ. Иджыпсту КъБР-м Лъэныгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэр иужь итщ унэр медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ, транспорткІэ, жьыщІапІэ-зыгъэпскьыпІэхэмкІэ кьызэгъэпэщыным. Ныбжь зиІэ, ныкъуэдыкьуагъэ зыбгъэдэль екІуэлІапІэншэхэр жьы хьуахэр щапІыж и унэм, интернат щхьэхуэхэм кІуэныжьмкІэ министерствэр кьадэІэпыкъунущ.

ГЪУКІЭ Дисэ.

Хабзэр къызэпамыудын щхьэкІэ

● Гу зылъытапхъэ

2008 гъэм гъатхэпэм и 2-м Урысей Федерацэм и Президентыр, лІыкІуэ органэм я депутатхэр, щІыпІэ самоуправлением и Іэтащхьэхэр хахыну зыщцыхуагъэхьэзыр икІи щрагъэкІуэкІ махуэм законыр кьызэпемыгъэудын мурадкІэ, КъБР-м и прокурор Жариков О.О. и унафэкІэ республикэм и прокуратурэм лэжьакІуэ гуп кьыщызэрагъэпэщащ, КъБР-м и прокурорым и ягъэ къуэдзэ Жекеев А.М. я пашэу.

2008 гъэм гъатхэпэм и 1- 2 хэм а гупым хэтхэр я лэжьапІэ Іэнатіэхэм (Налшык къ., Куливеым и уэрам, 16) сыхьэт 8-м кьыщыщІэдзауэ 22-м нэсыху щыІэнущ икІи Хэхакіуэ комиссэм, КъБР-м хабзэр зыхъумэ и органхэм зэпымыууэ ялыщІауэ щытынущ хэхьныгъэм ельэлІа законодательствэр кьызэпемыгъэудын, апхуэдэ мурад ящІамэ и зэманым гу лъатэн икІи а ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжьын папщІэ.

Апхуэдэ гупхэр кьалэ, район прокуратурэхэми кьыщыщІэрагъэпэщащ икІи зыпэмыплъа, кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэр кьэхъу нэжькІэ, абыхэм я кьралъхэ КъБР-м и прокуратурэм и лэжьакІуэ гупым икІэщІыпІэкІэ хьыбар ирагъэщІэну.

Лэжьакіуэ гупым уепсалъэ хъунущ мыпхуэдэ телефонымкІэ: 47-60-18.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

●Аруан куей

ХэкІыпІэ кьалъыхъуэ

АРУАН куейм хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Хьэбжокъуэ Асльэн кьыщэрыджиІамкІэ, нэгъабэ псы зрикІуэ бжьамийуэ метр мини 2100-рэ зэрахьэжьащ. Абыкіэ кьадэІэпыкъуащ районым администрацэмрэ КъБР-м ПромышленностымкІэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-комунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ, Иджы унагъуэ кьэс псы яІэщ, арщхьэкІэ зэхуамыгъэкІуэф кьалъыкъуэкІащ: псыр кьэзэрыщІащ насосхэм электроэнергиуэ кьагъэсэбэпым хуэзэ уасэмрэ псы уасэу нобэ кьуажэм кьыхэкІымрэ зэпэлъытыгъуейщ. Абы кьыхэкІыу сыхьэт 12-кІэ фІэкІа псыр цІыхум хуаутІыпщ хьэрыным. «Кьытхуэнэр псы уасэм хэдгъэхьуэнырщ», - жиІэ Хьэбжокъуэм. Мы Іуэхум теухуауэ район администрацэм щекІуэкІа сессием унафэ кьыщащтащ. Кьуажэм депутату 15 дэсщі, ахэри Іуэхум кьыхыхьащ: жылэр кьыІэхакІухь, цІыхухэм Іуэхур зыІутыр гурагъаІуэ.

Старэ Шэрэджым псы уасэм щыхагъахьуэ щхьэкІэ, гулъытэншэу кьагъэнэнукъым бынунагъуэшхуэхэр, хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэр. Абыхэм ятыну пщІэм хуэкІэрагъэхунущ.

●Мэкъумэш Іэнатіэм

Нартыху гъэкІыным зратыж

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым къыдэрыщыджаІамкІэ, мы дызытехьэ гъатхэм республикэм и мэкъумэш Іуэхущапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм нартыху гектар мин 81-рэ щызхасэнущ. Абы щыщу гектар мин 66-р гъэвапхъэщ. 15-р - силосным хъэщ. Псори зэхэту нартыху жылэу зыхуеиннур тонн 1800-м нос.

ИНСТИТУТЫМ нартыху жылапхъэфІэр къэгъэкІы-нымрэ селекцэ лэжьыгъэхэмкІэ и Институтым и унафэщІ Азибэч Лиуан зэрыжиІамкІэ, нартыху гъэкІыным нэхъ зезытыну зи мурад хозяйствэхэр жылапхъэкІэ гугъу ехьынукъым. Иджыпсту республикэм и жылапхъэ хъумапІэхэм нартыху жылэ къудейуэ тонн мини 4,5-рэ яІэщ, пасэ - ику ит - кІасэ жиІэу зэхэздзыжауэ. Ахэр гъавэбэн къэзыІ Катеринэ СВ, Валентин МВ, Каминскэ СА, Росс-2009, МИК-304, Кабардинская-3812 нартыху гибрид лІэужьыгъуэхэрщ. Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэри егупгуу къызэкІаІащ, къэралыр кьэпщытэныгъэм пхьыкІащ.

ЩІэныгъэлІэхэм ябзыщІыкрым УФ-м и адрей щІыналъэхэм куэдрэ зэращэхэм кьыхэкІыу, гъатхасэм щІадза нужь нартыху жылапхъэхэм я уасэм процент 20 - 25-кІэ хэхьэныкІэ зэрыхьунур.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Къайсэр и аэропортым щрегъэблагъэ а кьалэм и Іэтащхьэ Озхасеки Мехмет.

Хьэрычэтыщіэхэм я клубым.

Зэныбжьэгъугъэм и дамыгъэу увынущ ди делегацэм хэтхэм здашэу мэрием и унэ гупэм деж щыхаса псей щхьуантІэр.


Хьэрычэтыщіэхэм я клубым щекІуэкІа зэІущІэм Къанокъуэ Арсен къыщопсальэ.

Къайсэр и уэрамым Налшык и цІэр зэрехьэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

КъыкІэльыкІуэ махуэм Къанокъуэ Арсен Къайсэр кьалэм и Іэтащхьэм хуэзащ. А зэІущІэм къыщыщыпсальэм, Озхасеки Мехмет жиІащ, мыпхуэдэ делегацэ ин къызэрыкІуам и фІыщІэкІэ, Тыркумрэ Къабэрдей-Балъкъэрымрэ яку дэль сату-экономикэ зэдэлэжьэныгъэм нэхри зэрызиужьынур. «Фэ фыкъызэрыкІуам ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, абы кьегъэльагъуэ дяку дэль зэпыщІэныгъэхэм икІэщыпІэкІэ зэрызахъуэжынур, а зэпыщІэныгъэхэр щэнхабзэ Іуэхухэм къызэрыщымыуВыэнур. Иджыпсту дэ дыхоплъэ хьэрычэт ІэнатІэм, сатум пыщІауэ ди къралхэр нэхъ тэмэму щыІэдэлажьэхьуну и ІэнатІэхэм. Дэ дыщыгъуазэщ фи деж электрокъарур нэхъ езэгърабгъуу зэрыщыщытым, лэжьапщІэри егъэлеяуэ зэрымыиным. Апхуэдэ Іэмалхэр фейдэ пыльу кьагъэсэбэпыфынущ фи дежкІэ нэзыгъэззэну мурад зыщІ инвесторхэм». Кьалэ Іэтащхьэр гуапэу яІепэлъыхьащ Тыркум щыпсэу адыгэхэм: «Мыбы Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм ящыщу щыІэр мащІэкъым, псом хуэмыдэу кІуэд мэхъу адыгэхэр. Дэ илъэси 100-м щІигъуауэ дыІэгъуэсщ, ди щхьэхуитыныгъэр дыІэщІыгъуу тхъумащ, абы кьыхэкІыу зэгъунэгъу, зэблагъэ дыхъуащ. Мыхьэнэшхуэ иІэщ иджыри я адэжь щынальэм хуеиху кІуэжынущ, лэжьыгъэ Іуэхуи щыІэрахуэну абыхэм Іэмал зэрагъуэтам».

Къанокъуэ Арсен тепсэлъыхьащ Къайсэр и архитектурэр тельыджэ къыІэрыщыхьуам: «Дэ инкъуІэ дигу ирихьащ фи пасэрей кьалэр. Ар дахэщ, иджырей унэ дэгъуэхэр екІуу хозагъэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм. Ди гуапэщ абы адэкІи зиужьыну». Къайсэр и Іэтащхьэм КЪБР-м и Президентым къриТащ дыщэрэ дыжьынкІэ гъэщІэрэщІа пасэрей фаянс щыкъу. Ди республикэм и унафэщым езым кьыбгъдэкІыу Озхасеки Мехмет пасэрей кьамэ тыгъэ хуищІащ. Налшык кьалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Хьэмгъуокъу Леонид Къайсэр и лІыщхьэм иритащ еІуІу хэдыкІа щІакІуэ фІыщІэмрэ башІкъымрэ, хьурыфэ пыІэ щІыгъуу, апхуэдэу Іу ащхьэмахуэ тращыкІа сурэтыр. ФІыщІэ псальэхэм кьадэкІуэу, Озхасеки Мехмет жиІащ Къайсэр кьалэм пэгъунэгъу Эрджияс щыгур Іуащхьэмахуэ хуабжьу зэрещхьыр, ари лъэныкъуитІыр зэпызыщІэ пасэрей фаянс щыкъу. Ди республикэм и унафэщым езым кьыбгъдэкІыу Озхасеки Мехмет пасэрей кьамэ тыгъэ хуищІащ. Налшык кьалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Хьэмгъуокъу Леонид Къайсэр и лІыщхьэм иритащ еІуІу хэдыкІа щІакІуэ фІыщІэмрэ башІкъымрэ, хьурыфэ пыІэ щІыгъуу, апхуэдэу Іу ащхьэмахуэ тращыкІа сурэтыр. ФІыщІэ псальэхэм кьадэкІуэу, Озхасеки Мехмет жиІащ Къайсэр кьалэм пэгъунэгъу Эрджияс щыгур Іуащхьэмахуэ хуабжьу зэрещхьыр, ари лъэныкъуитІыр зэпызыщІэ пасэрей фаянс щыкъу. Ди гуапэщ абы адэкІи зиужьыну». Къайсэр и Іэтащхьэм КЪБР-м и Президентым къриТащ дыщэрэ дыжьынкІэ гъэщІэрэщІа

• Хэхыныгъэхэр-2008

БОГДАНОВ Андрей

Дыкъыззэтемыувыlэу япэкlэ дывгъэкlуатэ

Ижь кандидат

«Урысей Федерацэм и президентыр хэхыным и lуэхукlэ» 2003 гъэм щыlыщылэм и 10-м къыдэкlа Федерал Закон №19-ФЗ-м и §3-нэ статьям и 1-нэ пунктыр и лъабжьэу пщlэншэу тыдодзэ. Тхыгъэр къыдэзытар ятха кандидат Богдановырщ.

- Андрей Владимир и къуэ! Уэ Президентхэм я кандидатхэм ящыщу унэхъ щlалэ дыдэщ. Хэбгъэзыхьмэ, демократ унэтlыныгъэм кьыхэжаныкlэ политикэ нэхъ ныбжьыщlэхэми ящыщщ. Щыгъуазэ дырщыгъ псоми зэрыщlидза щыкlэм.

- Москва областым щыlэ Можайскэ къалэм сыкъыщалъхуащ. Си адэм и лlакъуэ псор кьыщежьэ а щыналъэрщ. Сыкъэзыльхуаxэм я зэманым езыхэр зыщыпсэун яlэтэкъыми, Москва и гъунэгъу Пушкинэ къалэм фэтэр кьыщащтэн хуей хъуащ. Пэшыр апхуэдизкlэ щlыкlути, бжэр Іуахыу щэрхъ зыщlэт сабий гущэр кlэльадорым кьытращlэным гуГу дехьхэрт. ИужькIэ унагъуэр Іэпхъуащ Чкаловск къалэм, дзэ аэродромым и гъунэгъуу хэщlапlэ щигъуэтащ. Абы кьыщалъхуащ си кьуэш нэхъыщlэхэу Тимуррэ Александррэ. Ди адэ-анэр куэдрэ лажьэрт, абы кьыхэкlыу си кьуэшхэр сабий садым сшэн-кьэсшэжьин хуей хьурт. Сыкlуэу сыкъэкlуэжьымы зэману сыхьэтитl текlуадэрт. Зызумысыжьмиз: зэгуэр кьыс-щигъупщащ Тимур кьэсшэжьину. Адэ-анэм сэ кьызащlэкlа кьаугъэр зыхуэдизыр схужьы1ыкъым. Абы лъандэрэ сесащ сыт хуэдэ Іуэхуми жэуаплныныгъэ хэлъу сыбгъэдыхьэу. Кьалэн зыщlищlыжакъэ - гъэзащlэ, пхуэзфIэмыкlынымэ, кьыумыгъэгъэ.

- Валиить уэхъумэ, сыт хуэдэ Іэщlагъэт бгъуэтыну узыщlэхьыгъэсар?

- Кхъухьлъатэзехуэ сыхъуну сыхуейт, даун. - Чкаловск авиацэм и кьадзэщ. Дэ дызызыщlэсэм кьыбгъурыгт кьатитхуу зэтет унэ, хъэрщым лъэтэху Гагарин Юрий зыщlыпсэуар. Сэ си дежкlэ Гагариныр щlыхуэ щlыпкьагъэм и нэхъ пщlалъэ ин дыдэщ. Школыр зэрыщыгуэхуэмкlэ дыдэплъейрт: хэти инженер, хэти кхъухьлъатэзехуэ хьуну дыхуейт. Абы папщlэ фIыуэ деджэн хуейт: дзэ еджапIэхэм щlэтIыслъхьэм я деж зэпеуэщхуэ щыщыIэт. «ПлIыкIэ» уеджэныр ди классым емыкIуу кьыщалъытэрт. ЕтIуанэ классым бальнэ къэфжlэхэм сыдахьэхащ. Офицерхэм я унэм сыкlуэрт, утыкум итхэм сеплъырт. Ещанэ классым кружокым сыхьхьащ, школыр къэзухьхукlи сыхэтащ.

- Коммунизмэр уи фIэщ хъурэт?

- Сыщысабийм щыгъуэ, даии, си фIэщ хьурт. КПСС-м я пIудэу сыщыжьэхуам щыгъуэ епщlанэ классым сыщеджэрт. Абы щыгъуэм школым сыкьыгъэрыщlагъэкlсочиненэм сэ эпиграфу Высоцкэм и псалъэхэр тезгъуваш: «Досадно мне, что слово честь забыто, И что в чести наветы за глаза». Щапхъэ папщlэу къэхъащ КПСС-м и лэжьакlуэ щlэрыIуэ зыбжанэм зэхащlыхьахэр. Абы щыгъуэми сэ школ ныр дыжьын медалкlэ къызэхын хуейт, Зэчэнджэщри, егъэджакIуэхэм мурад ящlащ си лэжьигъэр районкомиссэм ирамыгъэхьыну. КъызжаIащ бэлыхь сыхэхуэну. Ауэ абы щхьэкlэ къэмынэу, сэ Ригъ дэт Дээ-инженер авиацэ училищэ нэхъыщlхьэу Алкснис Яков и цlэр зезыхьэм сыщlэтIыслъхьащ.

- Иджы нэхъ щхьэтечу дытегъэпсэлъыхь демократиемрэ уэ политикэ гъжьигъэм уэрыгъхыхьа щыкlэмрэ ящыщIа Іуэхухэм.

- Политикэм сыдихьэхыу щlидзащ етIуанэ курсым сыщыщlэсым - къэралым эхъуэкlынныгъэхэм щыщlидзат. Дыужэгъуа коммунист идеологием сыкъыпыкlри, демократие Іуэху епльыкlэхэм тыншу сыхуэкlуащ. КПСС-м сыхьхьэну лъэIу тхъыльстащ - ар демократие унэтlыныгъэм техьэным щlэгъэжьэн сыхуэхьуну сыхуейт: а зэманым парт куэд къэунэхуну зыми и пщlыхьэпlэ кьыхэхуэрэткъым. Комсомол зэIущlэхэм сыкьыщыпсалъэу, демократие лъапIэныгъэхэр пхыгъэкlыным сыщlэбэну щlэздзащ.

- Зыгуэр кьыкlа?

- Кьыпхуэмыlуэтэным хуэдиз! Оппозицэ къарухэм Ригъ зыкьыщаIэта иужь, дэ - курсант Іэщэншэхэр - дахуащ ахэр къздахьуреихьыну. Сэ ар щыгъмыдэм, зы сыхьэт нэхъ дэмыкlыу, комсомолым сыкьыхадзащ, нэгъуэщlзы зыхьэт дэкlри училищэр сагъэбгынащ. Пщыхьэщхьэм сыкъсыжьащ.

Москва сыщыщlэтIыслъхьащ Плехановым и цlэр зезыхьэ академием. А зэманым кьэсщlащ Урысейм и демократие партыр къызэрызэрагъэпэщыр икlи Солнцевэ район организацэм сыхьхьащ.

- Зэман тельыджэт...

- Ар псалъэкlэ пхужьIэнукъым. Псори дыззгъусэу 1991 гъэм дыкlуащ Москва и Унэ хужьыр тхъумэну. Зыми ищIэртэкъым кьытщыщlынкlэ хьунур. Зэнщlэу танкхэр кьытхагъэхьэу дызэхапIытIэнри хэлът. ДПР-м щыщу зыри икIуэтакъым. Дыкьэдзыхакъым, апхуэдэ щlыкlэкlэ ди бынхэм кьахуэдзэуащ щхьэхуитныгъэмрэ я кьэкlуэнур зэраухуэну Іэмальщlэ ин дыдэхэмрэ.

ИужькIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, дгъуэта хуитныгъэхэр нэгъуэщlу кьыщlидзыжащ. НаIуэ хьуащ «къэунэхуа демократхэм» я правительствэр абыхэм захэзыгъэпшэхьуа щыхуэ бзаджэхэр гъуэз зыщlа коммунист къулыкъущlэхэм кьаэзэрыхуэнар. Щыхуэ хьэлэхэри яхэтт, дауи, ауэ ахэр зэфIэкlынщэт. Партми щытыкlэр хэпльхъгъуэ щыхьауад: унафэщlхэр щlэх-щlэхьыуэ зэрыгъэжьIырт, ауэ абы зыри кьыкlыргъэкъым. Дэ, нэхъыщlэхэр, дыщlалэIуэт: зыри кьыдэчэнджэщырт зэкъым. А псоми кьадэкlуэу унагъуэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкlи еплъэ1ыгъэ хьыргъэкъым.

- Нэгъуэщlу жыпIэмэ, уэ пIалъэ гуэркlэ политикэм уэхэIри, унагъуэр зыхуей хуэгъэзэным зептыпащ?

- Пэжщ. Унагъуэр псом нэхърэ нэхъ сызэрыгушхуэщ, абы нэхъыщlхьи сиIэкъым. Сэ кьунщ кьысхуохьу. Сыт хуэдэ лъэбакъуэ сымычами, абыхэм япэ зощlыхь. Сыт хуэдэ щапхъэ абыхэм езгъэльагъур? Сыт хуэдэ къэрал ахэр щыпсэунур? Дэтхэнэ адэмэ хуэдэу, сыхуейщ ахэр щIыху щыпкъэу кьэзгъэтэджыну, щхьэхуиту, лъэщу икIи къэрал зэIуэзэщым щыпсэуну.

- Ара уэ политикэм ущlыхьыхьэжар?

- Ари Іуэхум хэтlыщ. Сыхьхьэжащ, абы сызэрыхъхьэзырыр кьызэгурыIуэ иужь. Сэ гъащIэм дерс мымащIэу кьыхэсхащ. Кьэралым зэрызиужьыфыну щlыкlэр кьыхэсхьэфынущ. Кьызэтенащ мы зэманым кьэщIэрэщIэж партыр. Си ныб- кьэгъуэхэр, гупсысэкlэкlэ кьысхьэутэхэр, псори зыхуэзгъэкlыну гупыр кьэнащ, абы щlэхэр кьыхьыхащ.

- АлIэ сыт хуэдэ гъэзэгу уэ Урысейм хуэзгъэлъагъуэр?

- Сэ нэхъыщlхьэу къэзгъэльагъуэхэр ещхьынущ Урысейм и Демократие партым екIуэкlа думу хэхьныгъэхэм кьыщlихьыхьахэм. Ар Урысейр Европэм хуеплъэкlынырщ, Европеоцыхьыхьэныгрщ, европэ льапIэныгъэхэр ди кьэралым щыпхьгъэкlынырщ.

Апхуэдэ дыдэу си мурадщ унагъуэм и мыхьэнэр кьэсIэтыну. ЗэрыбсIуджьылыщи, унагъуэращ кьэралым льабжьэ хуэхъур. Унагъуэм щекlуэкlI сыт хуэдэ Іуэхури хьыбольагъуэ дэтхэнэ кьэралми и ухуэкlэм, Унагъуэ лъапIэныгъэхэр щlыхуэхэмрэ кьэралымрэ я зэхущытыкlэхэм я пщlалъэ бгъэув хьунущ. Сэ гулыытэ щхьэхуэ хузощ дзэ IэнатIэм. Думэ хэхьныгъэхэм ДПР-м кьыщыхихьыхьауэ щытащ дзэм кьулыкъу щызыщlэну хуэмейкъэм езыгъэкlуэнуэ ятыну налог хуагъэувыну. Абы щыгъуэм ар дАыгъащ хэхакIуэ куэдым, абы кьыхэкlыу а ящрэдэмыр дяпэкlи пхыгъэкlынхуейщ.

- Уэ сыт хуэдэ кьалэнхэр зыщыхуэбгъувыжрэ президент хэхыныгъэхэм?

- Иджырей хэхыныгъэхэм кьызата Iэмалхэр сэ къэзгъэсэбэпыну сыхуейщ урысейхэр демократие гупсысэкlэм тезгъэхэн, абы и льэныкъуэкlэ политикэ къару пашэ ди къхьэ мурадкlэ.

Хэхыныгъэхэр зэрызэфIэкlыу щlэддзэн хуейщ демократие гупсысэкlэ зиIэ щlыху псори зэгуэгъэхьэныр, абы нэгъуэщlхэр дегъэхьэхьныр. Сэ сыщогугъ ар кьыдэхьулIэну.

- Уэ сыткlэ адрей кандидатхэм ракьыщlихьэщыкlыу кьэпльыгъэр?

- Кьыузэрыщlэкlамкlэ, кандидатхэм ящыщу сэ зыращ «А» лIэужьыгъуэм хиубыдэ кьулыкъущlэу щымытар. Зэпеуэм хэтхэм щыщу сэращ ныбжькlэ нэхъ щlалэри, щlэблэщlэхэм сралIыкIуэу жыпIэ хьунущ. Сэ курыту псэу щlыхуэм сащыщ. Тэмэму гупсысэф щlыхуэхэр курыт классым хиубыдэхэр. Курыт классым щыщ щlыхуэхэм я сэбэн зыхэлъхэр хьумэныр, ахэр пхыгъэкlынырси Іэху бгъэдыхьэкlэм и лъабжьэщ.

Адрейхэм сакьыщlхьэщокlэи кандидатрэ зыгъэльагъуэхэм сэр фIэкlа мыкьулыкъущlэ зэрахэмытымкlэ, «ижьхэм» я лIыкIуэ закъуэу сызэрыщlытымкlэ

- АдэкlэсытхэруиМурад?

- СыкьыззэтеувыIэнукъым, хэхыныгъэхэм кьрикIуэхэм емыльытауэ, къэралым и сэбэп зыхэлъхэм сыхуэлэжьэнущ.

ГЪАТХЭПЭМ И 1-р

♦ Граждан зыхъумэныгъэм и дунейпсо махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 2-м

♦1911 гъэм Пятницкэм и хорыр зэпэу утыку ихьащ. ♦1920 гъэм кьалъхуащ адыгэ усакlуэ, Совет Союзым и Лhыхьужь **Андырхъуей Хьусен**. 1941 гъэм зауэм эхlуэдащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 3-м

♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокlу кинорежиссер, тхакlуэ, композитор, ШIДАА-м и академик **Кьандур Мухьэдин**.

♦И ныжьыр илъэс 55-рэ ирокlу КъБР-м щыхь зиIэ и артист **Мулай Алихьан.**

♦ТхакIуэм и дунейпсо махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 4-м

♦1846 гъэм «Кавказ» газетым тридзащ Кьаз-Джэрий СультIан и «Зи щыхьыр ин кьэрал тетым и деж» письмор.

♦1918 гъэм Тэрч щыхьбэ республикэр кьыызэрагъэпэщащ.

♦ 1940 гъэм кьалъхуащ мэкlумэщ щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор, КъБР-м щlэныгъэхэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакlуэ **КIуэкIуэ Тэлэдин.**

ГЪАТХЭПЭМ И 5-м

♦1953 гъэм дунейм ехьжащ **Сталин (Джугашвили) Иосиф.**

♦1951 гъэм кьалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакlуэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщl **Бечелов Ильяс.**

♦И ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокlу физико-математикэ щlэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, ШIДАА-м и академик **Бэвыжь Мухьэмэд.**

ГЪАТХЭПЭМ И 7-м

♦ 1944 гъэм ГКО-м и Унафэщl Сталин Иосиф фIыщlэ кьыхуищlащ Молотов В.М. и щlэкlэ КъБАССР-м щыIэ колхозым и парт организацэм и секретарь Кьашыргъэ Хьэпашэ, Дзэ Пльыжьым зэрызыщlигъэкьуам папщlэ.

♦ 1960 гъэм Куба къуажэм щыщ жэмыш **Пашты Салимэ** Социалист Лэжьыгъэм и Лhыхьужь щlэ льапIэр къыфIащащ.

♦ 1919 гъэм кьалъхуащ адыгэ тхакlуэ, зэдзэкlакlуэ **Жанэ Къырымызэ**. 1983 гъэм дунейм ехьжащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 8-м

♦Илъэс 90 ирокlу УФ-м щыхь зиIэ и артисткlэ **Сибэч Быхуэ** къызэральхурэ. 2001 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ Илъэс 85-рэ ирокlу «Адыгэ макъ» (Адыгэ Республикэ) газетым и публикlэ) газетым и ятемерыр кьыззрыдэкlрэ.

♦1936 гъэм Нэдзыщ кьыщыхьэIуахащ Кировым и цlэкlэ щыIэ санаторэр.

♦1944 гъэм балькъэр лъэпкъыр республикэм ирашащ.

♦ Цыхубзхэм я дунейпсо махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 9-м

♦1915 гъэм кьалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и Лhыхьужь **Бгъэжьнокlуэ Хьэчим.** 2005 гъэм дунейм ехьжащ.

♦1918 гъэм нэгъуэщl кьэрал дзэкъэр Совет Урысейм кьытеуащ.

♦1934 гъэм кьалъхуащ апэ космонавт, Совет Союзым и Лhыхьужь **Гагарин Юрий**. 1968 гъэм дунейм ехьжащ.

♦Геодезиемрэ картографиемрэ я лэжьакlуэхэм я махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 10-м

♦1929 гъэм кьалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и Лhыхьужь, КъБР-м щыхь зиIэ и нартыхугъэкlэ **Емышэ Хьэлий**.

♦КъБР-м и цlыхубэ артисткlэ **Бесчокlуэ Майе** кьалъхуащ.

♦Урысейм и архивхэм я лэжьакlуэхэм я махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 11-м

♦1985 гъэм Горбачев Михаил КПСС-м и ЦК-м и секретарь Нэхъыщlхьэу хахащ.

♦1991 гъэм «Ленин гъуэгу» газетыр «Адыгэ псалъэу», «Коммунизмге жолыр» - «Заману» эрахьуэкlащ.

♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокlу физико-математикэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Уэщхьэн Мулэд.**

ГЪАТХЭПЭМ И 12-м

♦1912 гъэм кьалъхуащ мэкlумэщ щlэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м и КъБР-м щlэныгъэхэмкlэ щыхь зиIэ я лэжьакlуэ **КIэрэф Къамбот**. 1997 гъэм дунейм ехьжащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 13-м

♦1733 гъэм дунейм ехьжащ франджыл литературэм и классик, адыгэ бзылъхугъэ **Шарлоттэ Хьэпшэт - Аиссе.**

♦И ныбжьыр илъэс 95-рэ ирокlу СССР-мИ УФ-м я Гимнхэм щlэль псалъэхэр зытха, Социалист Лэжьыгъэм и Лhыхьужь, Ленин саугъэтми СССР-м и Къэрал саугъэтхэми я лауреат **Михалков Сергей.**

♦ 1939 гъэм кьалъхуащ УФ-м гъуэзджэмкlэ щлыхь зиIэ и лэжьакlуэ, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ **Шумахуэ Владимир.**

ГЪАТХЭПЭМ И 14-м

♦Илъэсэ 155-рэ и пэкlэ (1853) адыгэбзэкlэ кьыдэкlащ Бырсей Умар и «Адыгэ псалъалъэр».

♦1937 гъэм кьалъхуащ тхакlуэ, литературовед, критик, зэдзэкlакlуэ хьэпэмэт, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ **Къэрмокlуэ Хьэмид.**

♦1990 гъэм Горбачев Михаил СССР-м и Президенту хахащ.



♦Адыгэ тхыбзэм и махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ И 15-м

♦Илъэс 95-рэ ирокlу адыгэ драматург **Натхъуэ Долэтджэрий** кьыззральхурэ. 1953 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ Щэхуакlуэм и хуитныгъэхэр хьумэным и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ И 16-р

♦ Сатум, цыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщlэным, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм я лэжьакlуэхэм я махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 17-м

♦ 1805 гъэм Дельпоццо И.П. Кьэбэрдейм и пристав нэхъыщlхьэу кьагъэкlуащ.

♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокlу Адыгэ Республикэм и цlыхубэ сурэтыщl **Дыгъужь Мыхьмуд**.

ГЪАТХЭПЭМ И 18-м

♦1918 гъэм кьыззIуахащ Налшык округым и лъэпкъхэм я Iсъездыр.

♦ 1930 гъэм кьалъхуащ филологие щlэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, КъБР-м КъШР-ми щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиIэ я лэжьакlуэ, ШIДАА-м и академик **Хъупсырокlуэ Хьызыр**.

♦ 1932 гъэм кьалъхуащ КъБР-м и цlыхубэ тхакlуэ **Шэджэхьэщlэ Хьэмыщэ.** 1999 гъэм дунейм ехьжащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 20-м

♦1944 гъэм лажьэу яутIыпщыжащ зауэ зэманым якъутауэ щыта Дохъушыкъуей спирт заводыр.



♦1910 гъэм кьалъхуащ Щlыхь орденым и нагъыщlри зыхуагъэфаща **Мусэ Менлы**. 1963 гъэм дунейм ехьжащ.

♦Астрологием и дунейпсо махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 21-м

♦1918 гъэм Кьэбэрдеймрэ Балькъэрымрэ Совет власть щагъэуваш.

♦ Щlым и дунейпсо махуэщ. Гъэрэ щlыпрэ зэхэкlын щlедзэ.

♦Льэпкъ зэхэгъэж щlыным ебэныным и дунейпсо махуэщ.

♦ Поэзием и дунейпсо махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 22-р

♦Псым и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ И 23-м

♦1730 гъэм **Черкасский Алексей** (адыгэщl) Первооткрывательскэ Андрей щихым и орденыр кьратащ.

♦1923 гъэм кьалъхуащ Зеикъуэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыхь (граждани), адыгэ Іуэрыlуатэм хуэIэзэ **Хьэфыщlэ Дэвей и къуэ Мусэбий.**

♦1939 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэм щlыхь зиIэ и юрист, юстицэм етIуанэ классымкlэ и къэрал чэнджэщзэгъу, генерал-лейтенант, КъБР-м и Парламентым и Хабзэгъэув комитетым и унафэщl **Абазэ Руслан.**

♦Метеорологием и дунейпсо махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 24-м

♦ Илъэси 110-рэ и пэкlэ (1898) урыс еджагъэшхуэ Попов Александр дунейм щlыпэу радио кьигупсысащ.

♦Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 26-м

♦1959 гъэм кьалъхуащ филологие щlэныгъэхэм я доктор, ШIДАА-м и академик, КъБР-м щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ **Цыпынэ Асльэн.**

ГЪАТХЭПЭМ И 27-м

♦1917 гъэм Налшык гъэззщlакlуэ гупыр (исполкомыр) кьыIэрагъэпэщащ.

♦1932 гъэм кьалъхуащ КъБР-м и цlыхубэ усакlуэ **Балькъэр Фочэт.**

♦Кьалъхуащ КъБР-м щlыхь зиIэ и егъэжакlуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Тыкъуэ Зое**.

♦Театрым и дунейпсо махуэщ.

♦Урысейм и МВД-м и къэрал кIуэцl дзэхэм я махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 28-м

♦1776 гъэм Москва Театр Иныр кьызэIуахащ.

♦Илъэси 140-рэ ирокlу (1868) урыс тхакlуэшхуэ Горький (Пешков) Максим къызэральхурэ. 1936 гъэм дунейм ехьжащ.



♦1957 гъэм балькъэр лъэпкъым и автономиер зэфIагъэувэжащ.

♦Балькъэр лъэпкъым и къэщlэрэщlэжьныгъэм и махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 30-м

♦1867 гъэм урыс пащтыхым Аляскэр США-м ирищащ.

♦1946 гъэм кьалъхуащ тхакlуэ, публицист, жыларыуэ лэжьакlуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ, КъБР-м, АР-м, КъШР-м щlыхь зиIэ я журналист, Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, щlэныгъэхэмкlэ дунейпсо адыгэ академием и вице-президент **Хьэфыщlэ Мухьэмэд.**

♦1956 гъэм кьалъхуащ УФ-м щыхь зиIэ и артист, уэрэджьIакlуэ щlэрыIуэ **Хьупсырджэн Албэч.**

МЫ ГЪЭМ:

♦Илъэс 285-рэ и пэкlэ (1723) Мэздэгуф Кавказ бгы льапIэхэр зэхуэкlын щlадзащ.

♦Илъэс 245-рэ и пэкlэ (1763) Мэздэгу льапIэр яухуащ.

♦Илъэс 240-рэ и пэкlэ (1768) Приближнэ станицэр яухуащ.

Зыгъэхьэзырар

УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Дызыхуэкlуэ мазэм

• Махуэгъэпс

Жанэ Къырымызэ. 1983 гъэм дунейм ехьжащ.

♦Илъэс 85-рэ ирокlу «Адыгэ макъ» (Адыгэ Республикэ) газетым и публикlэ) газетым и ятемерыр кьыззрыдэкlрэ.

♦1936 гъэм Нэдзыщ кьыщыхьэIуахащ Кировым и цlэкlэ щыIэ санаторэр.

♦1944 гъэм балькъэр лъэпкъыр республикэм ирашащ.

♦ Цыхубзхэм я дунейпсо махуэщ.

♦1915 гъэм кьалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и Лhыхьужь **Бгъэжьнокlуэ Хьэчим.** 2005 гъэм дунейм ехьжащ.

♦1918 гъэм нэгъуэщl кьэрал дзэкъэр Совет Урысейм кьытеуащ.

♦1934 гъэм кьалъхуащ апэ космонавт, Совет Союзым и Лhыхьужь **Гагарин Юрий**. 1968 гъэм дунейм ехьжащ.

♦Геодезиемрэ картографиемрэ я лэжьакlуэхэм я махуэщ.

♦1929 гъэм кьалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и Лhыхьужь, КъБР-м щлыхь зиIэ и нартыхугъэкlэ **Емышэ Хьэлий**.

♦КъБР-м и цlыхубэ артисткlэ **Бесчокlуэ Майе** кьалъхуащ.

♦Урысейм и архивхэм я лэжьакlуэхэм я махуэщ.

♦1985 гъэм Горбачев Михаил КПСС-м и ЦК-м и секретарь Нэхъыщlхьэу хахащ.

♦1991 гъэм «Ленин гъуэгу» газетыр «Адыгэ псалъэу», «Коммунизмге жолыр» - «Заману» эрахьуэкlащ.

♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокlу физико-математикэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Уэщхьэн Мулэд.**

ГЪАТХЭПЭМ И 12-м

♦1912 гъэм кьалъхуащ мэкlумэщ щlэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м и КъБР-м щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиIэ я лэжьакlуэ **КIэрэф Къамбот**. 1997 гъэм дунейм ехьжащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 13-м

♦1733 гъэм дунейм ехьжащ франджыл литературэм и классик, адыгэ бзылъхугъэ **Шарлоттэ Хьэпшэт - Аиссе.**

♦И ныбжьыр илъэс 95-рэ ирокlу СССР-мИ УФ-м я Гимнхэм щlэль псалъэхэр зытха, Социалист Лэжьыгъэм и Лhыхьужь, Ленин саугъэтми СССР-м и Къэрал саугъэтхэми я лауреат **Михалков Сергей.**

♦ 1939 гъэм кьалъхуащ УФ-м гъуэзджэмкlэ щлыхь зиIэ и лэжьакlуэ, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ **Шумахуэ Владимир.**

ГЪАТХЭПЭМ И 14-м

♦Илъэсэ 155-рэ и пэкlэ (1853) адыгэбзэкlэ кьыдэкlащ Бырсей Умар и «Адыгэ псалъалъэр».

♦1937 гъэм кьалъхуащ тхакlуэ, литературовед, критик, зэдзэкlакlуэ хьэпэмэт, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ **Къэрмокlуэ Хьэмид.**

♦1990 гъэм Горбачев Михаил СССР-м и Президенту хахащ.

♦Адыгэ тхыбзэм и махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ И 15-м

♦Илъэс 95-рэ ирокlу адыгэ драматург **Натхъуэ Долэтджэрий** кьыззральхурэ. 1953 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ Щэхуакlуэм и хуитныгъэхэр хьумэным и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ И 16-р

♦ Сатум, цыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщlэным, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм я лэжьакlуэхэм я махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 17-м

♦ 1805 гъэм Дельпоццо И.П. Кьэбэрдейм и пристав нэхъыщlхьэу кьагъэкlуащ.

♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокlу Адыгэ Республикэм и цlыхубэ сурэтыщl **Дыгъужь Мыхьмуд**.

ГЪАТХЭПЭМ И 18-м

♦1918 гъэм кьыззIуахащ Налшык округым и лъэпкъхэм я Iсъездыр.

♦ 1930 гъэм кьалъхуащ филологие щlэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, КъБР-м КъШР-ми щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиIэ я лэжьакlуэ, ШIДАА-м и академик **Хъупсырокlуэ Хьызыр**.

♦ 1932 гъэм кьалъхуащ КъБР-м и цlыхубэ тхакlуэ **Шэджэхьэщlэ Хьэмыщэ.** 1999 гъэм дунейм ехьжащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 20-м

♦1944 гъэм лажьэу яутIыпщыжащ зауэ зэманым якъутауэ щыта Дохъушыкъуей спирт заводыр.

♦1910 гъэм кьалъхуащ Щlыхь орденым и нагъыщlри зыхуагъэфаща **Мусэ Менлы**. 1963 гъэм дунейм ехьжащ.

♦Астрологием и дунейпсо махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 21-м

♦1918 гъэм Кьэбэрдеймрэ Балькъэрымрэ Совет власть щагъэуваш.

♦ Щlым и дунейпсо махуэщ. Гъэрэ щlыпрэ зэхэкlын щlедзэ.

♦Льэпкъ зэхэгъэж щlыным ебэныным и дунейпсо махуэщ.

♦ Поэзием и дунейпсо махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 22-р

♦Псым и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ И 23-м

♦1730 гъэм **Черкасский Алексей** (адыгэщl) Первооткрывательскэ Андрей щихым и орденыр кьратащ.

♦1923 гъэм кьалъхуащ Зеикъуэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыхь (граждани), адыгэ Іуэрыlуатэм хуэIэзэ **Хьэфыщlэ Дэвей и къуэ Мусэбий.**

♦1939 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэм щlыхь зиIэ и юрист, юстицэм етIуанэ классымкlэ и къэрал чэнджэщзэгъу, генерал-лейтенант, КъБР-м и Парламентым и Хабзэгъэув комитетым и унафэщl **Абазэ Руслан.**

♦Метеорологием и дунейпсо махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 24-м

♦ Илъэси 110-рэ и пэкlэ (1898) урыс еджагъэшхуэ Попов Александр дунейм щlыпэу радио кьигупсысащ.

♦Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 26-м

♦1959 гъэм кьалъхуащ филологие щlэныгъэхэм я доктор, ШIДАА-м и академик, КъБР-м щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ **Цыпынэ Асльэн.**

ГЪАТХЭПЭМ И 27-м

♦1917 гъэм Налшык гъэззщlакlуэ гупыр (исполкомыр) кьыIэрагъэпэщащ.

♦1932 гъэм кьалъхуащ **Балькъэр Фочэт.**

♦Кьалъхуащ КъБР-м щlыхь зиIэ и егъэжакlуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Тыкъуэ Зое**.

♦Театрым и дунейпсо махуэщ.

♦Урысейм и МВД-м и къэрал кIуэцl дзэхэм я махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 28-м

♦1776 гъэм Москва Театр Иныр кьызэIуахащ.

♦Илъэси 140-рэ ирокlу (1868) урыс тхакlуэшхуэ Горький (Пешков) Максим къызэральхурэ. 1936 гъэм дунейм ехьжащ.

♦1957 гъэм балькъэр лъэпкъым и автономиер зэфIагъэувэжащ.

♦Балькъэр лъэпкъым и къэщlэрэщlэжьныгъэм и махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ И 30-м

♦1867 гъэм урыс пащтыхым Аляскэр США-м ирищащ.

♦1946 гъэм кьалъхуащ тхакlуэ, публицист, жыларыуэ лэжьакlуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ, КъБР-м, АР-м, КъШР-м щlыхь зиIэ я журналист, Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, щlэныгъэхэмкlэ дунейпсо адыгэ академием и вице-президент **Хьэфыщlэ Мухьэмэд.**

♦1956 гъэм кьалъхуащ УФ-м щыхь зиIэ и артист, уэрэджьIакlуэ щlэрыIуэ **Хьупсырджэн Албэч.**

МЫ ГЪЭМ:

♦Илъэс 285-рэ и пэкlэ (1723) Мэздэгуф Кавказ бгы льапIэхэр зэхуэкlын щlадзащ.

♦Илъэс 245-рэ и пэкlэ (1763) Мэздэгу льапIэр яухуащ.

♦Илъэс 240-рэ и пэкlэ (1768) Приближнэ станицэр яухуащ.

Зыгъэхьэзырар

УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

• Япэу тыдодзэ

«Адыгэ псалъэм» и пощт

ГъащIэр куэду зэхэлъщ

ЦЫХУМ и натIэм кьритхамрэ и гъащIэр зэрыхъунымрэ кьэзэшIэфынур хэт? Нобэ зи гугъу щIыну дыхьэбзым и Iэхур гъащIэгъэну кьиэзэркIуэнIэм сытемытIхыбэу схуэшIэныр кьым. Ар сэ кIэрэ нэхкьыжьмы, дызэнибжьгъущ, и Iэхуэм сыщIыщIэгъуаэзэри араш.

ПIэу дэкIуэри, тIэуми унагъуэ хуэуухуакьым, зы щIалэ цIыкIу иIэу кьиныжькащ. ЗыдэмIуэхэм зыр ефэрейти, ефамэ, зэуэнут, псалъэ фейцейхэр кьыбкIэнут. ЕтIуанэр, диным фIэкIа, щхьэгъусэ унагъуэм хуейтэкьым. Нэмэз щIгъэр нIыгъкьу жэщми махуэми нэмэзлыкьым тесынут.

Сэ диным сribийуэ, хьэмэрэ муслымэныгъэ збгъэдэмыльу аракьым, ауэ нэмэзлыкьым утекIудейкIэ псэуа ухьунукьым, унагъуэ пхуэIэгъынукьым, бын пхуэгъэсэнукьым. Арати, Iенэ (и цIэр зэсхуэкIащ) кьикIыжьым хуей хьуащ.

ЦIхьэгъэсэнщэу ильэс зыбжанэкIэ псэуауэ, цIыхуфIщ, губзыгъэщ, мыльку хьарзыин бгъэдэлъщ, жьаэри и Iыхьлыхэм щIалэ гуэр кьыхуагъуэтащ. И щхьэгъусэр бзаджэ Iейуэ, щIыпэзбгъэдэкIыжьари арауэ кьыжраIащ. ЦIыхубэ цIыкIур тегушхэри,ещанэри дэкIуэжащ.

ЛIым зы щIалэрэ зыпхъурэ иIэти, а тIум кьалэм пэшитI хуэуэ фэтэр кьащцыхунщэхуауэ, аэр е джанIэ нэхьыщхьэм щIэст «ЗэкIэ, дыдейуэ зиэ кьэсцэхуху», - жиIэри цIыхубзым и пэш цIыкIу закьуэм кьыщIэтIысхьащ.

Дауи, ежьащ классым щIэс щIалэ цIыкIум хамэ лIышхэр кьехьэлъэкIащ. Адрейри яужь итакьым сабийр кьыдихьэжьну. Ар икIи гурыIуэгъуэщ - лIым бын иIэщ, ар абы хэуныкьуэкIыну.

Дауэ щымытми, иIэ и хьерышхэ и кьиныльагъуэм, Iенэ арэзыт игъуэтэ щхьэгъэсэмкIэ.

Мы земаным зи закьуэу сабий зыпIэкIэ куэду, ауэ ар нэхьыбэм тхьэмыщIагъэуи насыпыншагъэуи кьалъытэркьым. Зэ дэкIуэу и насыпыр мыхьэрэ, етIуанэу тегушхэжьэкIри закьуэтIакьуэхьхэщ. Iенэ зыщIыщыр нэгъуэщ гупщ. Абы щхьэгъусэ имыIэнэр тхьэмыщIагъэм и мызакьуэу, икIи пудыныгъэу, псоми ауан кьащ кьыщIохьу. Аращ ещанэуи щIыдэкIуэжар.

ЛIыр ткIиит икIи бзаджэт. ЗэрыжьаIащи, и бынитIыр иригъаджэрти, адэ кьалэн кьытенэртэкьым. Кьуажэм дэс, егъэджакIуэ улахуэм фIкIэра, нэгъуэщI хэхьуэ зимыIэ и щхьэгъусэу щытам хуэзфIэкIынутэкьым адэм яхуищар.

А псор кьыпIуригъэупщIыжьу Iэхуэм зыгъэр хэлът - ар фIыщ и анэр яльагъуну щемыджэ махуэхэм кIуэжьну дзэм хуэит ищIыртэкьым. «Фыкьмэтхэр», щажриIэм, нэгъэщI Iэмал зимыIэ сабийхэм «Уэ укьыхьдох», - кьыкьраIащ, анэм и арэзыныгъэ хэлъу.

Ар сэ зэхэсхауэ сщIэрт ау э абы Iенэ зыри хищIыкIыртэкьым. Сэри, си эзранкIэ и насыпыр кьутэ хьуну сыхуейтэкьым, зыри жысIэртэкьым.

Сытми, кьащIащ а Iэхуэр Iенэ. Ар абы Iейуэ кьехьэлъэкIащ, и жагъуи хьуащ.

- Абыхэм я анэ тхъэмыщкIэр сфIэгъэныкьщи, си гур хупех. И бынхэр кьыбгъэнуну Iэмал иIэкьым. Адэм бгъэдэлъа мылькум хуэдиз а цIыкIубзым иIамэ, дауи, и сабийхэмкIэ хуитыныгъэ иIэнт. Абы и псэм щыщIэр хэти Тхъэм иримыгъэсэнэхэрэ, - жиIэри Iенэ.

А псальэмакьыр абы кьыдэтри, и лIымрэ езымрэ ткIийуэ зэпсэльащ. «Зы махуэ сыббгъэдэсэнукьым, сэ сызыхуейр цIыхугъэ, гущIэгъэ зыхэль щхьэгъусэщ. Уи бынитIым укьальагъу зэрымыкьуэм уэ сыт хэпшIыкIэрэ?! Нобэ, Iэмалынщхьэщи, жыIэм кьодалуэ, пщдей е джэныр кьыззэрауху, лэжьапIэ кьызэрагъ уэту, анэм и деж кIуэжинуэщ. ЕплъитIа нэр ар абыхэм япэубыдыри, гъэщIэгъуэщ уэ езым ар кьызэрыбгурымыIуэжыр?! жриIащ.

ЛIым Iичрам кьинкьыжауэ кьыщIэкIынти, арэзы хьуауэ бынхэм пэрымыуэу анэм и деж еГъэкIуэж.

Я адэр щIэмысу зыкъэрагъэхьэлIэри, абыхэм фIыщIэ ин кьыкуащIэщ Iенэ: «Ди адэ-анэр зэи зззэгъакьым, псальэмакьынши зэрыгъэхъуакьым. ЗэбгъэдэкIри, ди анэм и узынщагъэр нэхьыфI хуэжащ. Кьишэжащ жьитIэу дигу кьеуэнхэм и пIэкIэ - дыгугфIащ. Сыту хьарзынэт апхуэдэу уцIыхуфIу ди папэ укьызэрыхуэзэар», - кьыкьраIащ.

Иджы лIым зэн кьищэхури, Iенэ сымэ абы Iэпхъуащ. ЗэрыжьаIэщи, гъащIэр зэхуэмыдэу зэхэлъщ.

БЭЛАГЪЫ Жаннет.



«Dodo-club»-м и гъэсэнхэр, Мысырджэн МуIзед и гъусэу, Кьэнжал дэкIуеящ.
2007 гъэ

● Кьэнжал зауэр ильэс 300 щрикъум ирихьэлIэу

МЫСЫРДЖЭН МуIзед:

Ди тхыдэм и напэкIуэцIхэр ирикъужьын папщIэ

Кьэнжал бгыщхьэм щагъэуваУ щыта фэепльыр. *1998 гъэ*

Дзэрыджэх я Iуащхьэр.

- МуIзед, уи гъэсэнхэм зэрыкьыщIэ ящхьэхуэу кьаджыгъ Кьэнжал зауэм и лыгъэхэм фрикIуэжьыным, абы и кIэуэкIыкIам теухуа кьэхутэныгъэхэр евгъэкIуэжьыным сыт щIэлащIэ хуэхьуар?

- Жиэ дыдэу абы сыщIэгупсысам сэ Пятигорск дэт лингвистикэ университетым сриступентт. Курсовой лэжьыгъэ гуэр сщIыуэ еджапIэм и библиотекэм сыщылажьэ, зэрымыщIокIэ кьысIэрыхьауэ щытащ адыгэхэм ди тхыдэм теухуауэ зэмэ кьэралIэ щIэныгъэлI-кьэхутэкIуэхэм я тхыжьауэ щыта гукъэкIыжьхэр. Пэжыр жыпIэнымэ, ди тхыдэм, а зауэм ятеухуауэ мащIэ дыдэт а лъэхъэнэм дызышыгъуаэзэр. Арати, сэ мурад сщIащ абы ехьэлIа кьэхутэныгъэхэр егъэкIуэжьыну. Нэхъыбэу абы сыщIыдихьэхам и щхьэусыгъуэр сыкьышцалъхуа щIыпIэм а Iуэхугъуэхэр пыщIауэ зэрыщытыр: Балъкъ псым и ижьырабгъу льэныкьуэмкIэ кьыщIтщ зауэр щкIуэжа Кьэнжал Iуащхьэр.

Еджэныр кьэзухыу ди щIыпIэм сыкъэкIуэжа нэужь, сэ кьызэзгъэпэщащэу щытащ «Dodo-club» экологие зэгухьэныгъэр. Абы льандэрэ ильэс 20-м щIигъэщикIи ди клубым уигъНыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ лэжьыгъэ куэд иригъэкIуэкIащ. Ахэр пыщIащ Балъкъ щIыналъэм щыпсэу (е щыпсэуа) псэущхьэхэр, кьуалъебзуэхэр, кьыщыкI (е кьыщыкIыу щыта) кьэкIыгъэхэр кьэхутэжьным, джкьыным.

Ди лъэхъэ тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ хьэлэмэтхэм ящыщ Кьэнжал зауэм ехьэлIа лэжьыгъэхэм ящыщ дызэрихьэгъэ ильэс зыбжанэ хьауащ. Абы сытезыгъэзгушуахэм ящыщщ ди лъэныкьмэ и усакIуэ щэджащэ Кьщцокьуэ Алим. А IуэхумкIэ абы Москва сыщепсэлъыпIауэ щытащ 1990 гъэм икIи чэнджещ щхьэпэхэр кьызэнат. Атхэуэру уигъIакIуэ схуэхьащ Кьатхэн Назир и кьуэ Мухьэмэди. Абы и пхъур Оксфорд щоджэ иджыпстуи, щIыпIэ архивхэм Кьэнжал зауэм теухуауэ хэлъ дэрэгъэрэ кьытхуигъэхьыну дельэIунущ.

ЩIэдзапIэфI тхуэхьауэ ди кьуажэдэс нэхьыжьхэм зауэм теухуауэ кьытхуаIуэгъэжахэр. Си гъэсэнхэмрэ сэрэ апхуэдэ хьарфыжь куэд кьыджаIэжащ Чэртыхэ Хьэрэтэлифэ Гъумарэ, Урысмамбэт Нурхьэлий, Шыхьуэстэн Хьэбас, Iэманкьуэ Владимир, Альтуд Хьусэн сымэ, зэгъуэщIхэми. Абыхэм а хьыбарэхэр я адэшхуэхэм жаIэжу зэхахауэ щытащ. IуэрыIуатэм и хабзэхэм тепщIыхьымэ, хьыбарыжьхэр зым жьащIыхьэм, адрейм жьэдэкIыуэрэ кьокIуэкI, зэхьэуэбгъныгъэ гуэрхэри ягъуэт, ауэ, нэхъыщхьэращи, Iуэхум хэпьа пэжыр кьызэтоиэ.

- Кьэнжал бгыщхьэм, «Мамыху и пльапIэкIэ» зэдгъэдэ куейм щыIэ льагапIэм ильэс 300 и пэкIэ кьыщыхьуауэ щыта Iуэхугъуэхэр уи нэгу щыщIагъэхьэ. Нэхъыжьхэм

Бгыху - Мамыху и пльапIэм дж.

ягъэкIуащ, «Къэбэрдейр Хьэтlохъущокьуэм и унафэм дыщIэтэжкьым, ноби щыщIэдзауэ адыгэхэр уэ дыбгуэтщ», - жраIэу кьрым хъаным пщы хуаупсыну, апхуэдэ щыкIэкIи дзыхь зыхуэгъэзащIу биидэм и щхьэхэр кьаухэм кьалэныр я пщэ илъу.

Адыгэ уэркьхэм жаIа псори хъаным и фIэщ хьуащ икIи кьаухэа «текIуэныгъэм» и щIыхькIэ Кьэнжал бгыщхьэм и щыгум ефэ-ешхэшхуэ кьыщызэIуахаIр. АтIэмэ адыгэ лIыкIуэхэр бэлэрыгъыртэкьым - нэхущым абыхэм жуэдапIыныгъэ зыпIэль кьалэныщхуэ кьапэщылIт.

МыджкIэ кьэна адыгэхэм дзэшхуэ щызэхуащэат «Бгыху - Мамыху и пльапIэкIэ» зэджэ льагапIэм и Iэшэлашэм. ЗэрауухьIа зэманыр кьэсри, нэхущым, Жбэгатыр и унафэм тету, а льагапIэм мафIэщхуэ щызэщIагъэстащ. Ар лIыкIуэхэм хъыбарегъащIэ яхуэхъуэри, напIэзыпIэм кьрнубыдзу бийм и дзэзешхэр яуклащ. Абы ирихьэлIэу ди дзэхэри Кьэнжал Iуащхьэм нэсри кьрым хъаным и зауэIэхэр кьанэ щIагъуэ щымыIэу зэтрауклащ. Хъаныр льапIэу щIэпхьэуэжауэ жаIэж. ИужькIэ АлыджкIым хьихь Рэдос хьатIыгум щыIIэжауэ кьеГуэтэж хъыбарым. Хъаным и щIэнибр Дзэрыджэхэ я Iуащхьэм щагъэшыжауэ щытащ.

«Кьэнжал» жиIэмэ, «хъаным и ажал», «абы кIуэдыпIэ хуэтIохъущокьуэм и унафэм дыщIэтэжкьым, ноби щыщIэдзауэ адыгэхэр уэ дыбгуэтщ», - жраIэу кьрым хъаным пщы хуаупсыну, апхуэдэ щыкIэкIи дзыхь зыхуэгъэзащIу биидэм и щхьэхэр кьаухэм кьалэныр я пщэ илъу.

Адыгэ уэркьхэм жаIа псори хъаным и фIэщ хьуащ икIи кьаухэа «текIуэныгъэм» и щIыхькIэ Кьэнжал бгыщхьэм и щыгум ефэ-ешхэшхуэ кьыщызэIуахаIр. АтIэмэ адыгэ лIыкIуэхэр бэлэрыгъыртэкьым - нэхущым абыхэм жуэдапIыныгъэ зыпIэль кьалэныщхуэ кьапэщылIт.

МыджкIэ кьэна адыгэхэм дзэшхуэ щызэхуащэат «Бгыху - Мамыху и пльапIэкIэ» зэджэ льагапIэм и Iэшэлашэм. ЗэрауухьIа зэманыр кьэсри, нэхущым, Жбэгатыр и унафэм тету, а льагапIэм мафIэщхуэ щызэщIагъэстащ. Ар лIыкIуэхэм хъыбарегъащIэ яхуэхъуэри, напIэзыпIэм кьрнубыдзу бийм и дзэзешхэр яуклащ. Абы ирихьэлIэу ди дзэхэри Кьэнжал Iуащхьэм нэсри кьрым хъаным и зауэIэхэр кьанэ щIагъуэ щымыIэу зэтрауклащ. Хъаныр льапIэу щIэпхьэуэжауэ жаIэж. ИужькIэ АлыджкIым хьихь Рэдос хьатIыгум щыIIэжауэ кьеГуэтэж хъыбарым. Хъаным и щIэнибр Дзэрыджэхэ я Iуащхьэм щагъэшыжауэ щытащ.

«Кьэнжал» жиIэмэ, «хъаным и ажал», «абы кIуэдыпIэ хуэтIохъущокьуэм и унафэм дыщIэтэжкьым, ноби щыщIэдзауэ адыгэхэр уэ дыбгуэтщ», - жраIэу кьрым хъаным пщы хуаупсыну, апхуэдэ щыкIэкIи дзыхь зыхуэгъэзащIу биидэм и щхьэхэр кьаухэм кьалэныр я пщэ илъу.

Адыгэ уэркьхэм жаIа псори хъаным и фIэщ хьуащ икIи кьаухэа «текIуэныгъэм» и щIыхькIэ Кьэнжал бгыщхьэм и щыгум ефэ-ешхэшхуэ кьыщызэIуахаIр. АтIэмэ адыгэ лIыкIуэхэр бэлэрыгъыртэкьым - нэхущым абыхэм жуэдапIыныгъэ зыпIэль кьалэныщхуэ кьапэщылIт.

Ди псалъэмакьым и кIэуэкIы фIыщIэ ящхьэщIыну сыкуейт псалъэкIи, IуэхукIи, мылькукIи ныбжьыщIэ экологие зэгухьэныгъэм сэбэн кьаухэхэу щIыхьэхэм. Апхуэдэхэщ Альтуд Мухьэмэд, Быф Анатолэ, ильэс куэд льандэрэ кьыддэлажьэ Урысмамбэт Шафиев, нэгъуэщIхэри. Щхьэжьыгъэм кьытхуэхъуну дащогутIэ кьуажэ, куей администрацэхэм я унафэщIхэми, сыту жыпIэми къэтIэтар льэпкьым и деж кIэ мыхьэнэгъэ зиIэ Iэнущ.

Адыгэ тхыдэм и напэкIуэцIхэр кьанэ щымыIэу ирикьужьын папщIэ, дауи, иджыри куэд лэжьыпхъэщ. Хэт ищIэрэ, «Dodo-club»-м хэт ныбжьыщIэхэм я кьэхутэныгъэхэмкIэ хащ лъагъуэ бгъуэзр льэпкь щIэныгъэлIхэм гъуэгу бгъуфIэу яукъуэдиинкIэ хъунщ.

Епсэлъар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

Фысакъ!

ФИ ЗАКЪУЭ унэм фыкьыщIэнамэ, фымыщIхуи е фы дыдэу фымыщIыхуи бжэр хуIуфмыхь. Сысантехникщ, электрикщ, пощтэхьэщ, милицэщ жаIэкIэ, фи фIэщ фымыщI. Ахъуэдэхэм бжэр яхуIумыхьыну фепсальэ.

Унэм фыщIэсу зыгуэрым бжэр Iуниыбзэкъэ кьыщIуихьну нужь итмэ, фымышынэу «хэт ар?» жыIэри, фыщIэупщIэ. Абы щхьэкIэ кьамыгъанэмэ, телефонкIэ 02-м фыщIасальэ, милицэм хьыбар евгъащIэ. Балконым фихьи, фи гъунэгъуи ину федежь.

Унэм фыщыщIэкIым и деж балконым и бжэр, форточкэр, щхьэгъубжэр хуэфIыну зыщыкьмыгъэгъупщэ, псом хуэмыдэу япэ, етIуанэ кьатхэм фыщIысэмэу.

Бжэм тхьилъымпIэ тха кьыдэвмынэ, абы унэм зыри зэрыщIэхьмыхьмкIэ хъыбар уегъащIэ. Фымыгъэхьыбар, хьэпшып, дыщэжкI пIапIэхэр кьэфщэ хуэмыдэ.

Унэм фымыщIыху кьыщIэвмышэ. Уэрамым чэф фыщIыхуэзэкIэ, фемыпсальэ, чэфым кьунщIэфынымрэ кьыззэрыпхущIэкIынымрэ кьэшIэгъэчуэ.

ФыпIащIэми, ар такъсиуэ щымытмэ, фымыщIыхуи и машинэ фимытIысхьэ. Уэрам кIыфIым, щIыхунщэм зэрыщуэ кьыщIывмыкIыхь. ХьэщIапIэ фыкIуамэ, жащыр хэкIуэтэ хуу фыщIымыс.

Сэ ильэс куэдкIэ милицэм сыхэтащ, абы щIыгъуэ си нэгу щIэкIащ, ноби сольагъу дэ кьыгъщIащ тхъэмыщкIагъэ, гуэзвэгъуэхэмкIэ нэхъыбэм дэ езыр дызэрыкьуаншэр. СыщыIэжьа зэманым хуэдэу, ноби а Iуэхум сыт о гуэзвэхь, сыхуейт щIыхуэхэм зыри кьащмыщIыну, зыщIыгуэгъэкIи кьаIэщIэмыщIэу псэуну!

ДЫЩЭКI Владимир,
пенсионер.
Налшык къалэ.

Библиотекэм зеужь

ЛIэСКЭН район библиотекэм щхьэхуэу лэжьэн зэрыщIидзэрэ ильэсищ хьууэ араш. А зэман кIэщIым кьрубыдэу Iуэхугъуэфl куэд мыбы щыIэ щIыхубзэм зэфIэтэжкIащ. Абы щыхьэт тохьэ ирагъэкIуэкIа IуэхущIафхэр наIуэ кьэзыщI стендэхэр, район гъэтым щхьэкIэ ягъэхьэныра тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэр.

Мы Iуэхущ1апIэм щIыхуэ щолажьэри, ахэр щIэх-щIэхьыгъэ яхуоIуэ кьурыт еджапIэхэм, сабий садэхэм, икIи Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр егъэкIуэкIыныжькI ядоIэпыкьу.

Библиотекэм тхылъ мини 20-м щIигъу иIэщ. ЩIэджыкIа-кIуэхэр мини 10-м нос. Дауи, абы и щIыгъуу щIэщ щколаIуэ Iуэхугъэрщ.

Мы библиотекэм щIэлъ тхылъхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэныкIэ сэбэнщIыхуэ къхуэхъуащ щIыху зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ район администрацэм и унафэщI Шыхьмэт Хьэжмурид. Апхуэдэу библиотекэм тхылъкIэ кьадэIэпыкъуащ Чэбэч Валерэ, Жырыгъу Радий, КIуэкIуей Мухьэмэд, Ансокьуэ Жаннэ сымэ.

Районым щекIуэкI дэтхэнэ Iуэхугъуэми жыдэжру хэтщ библиотекэм и лэжьакIуэхэр. ФIыкIэ я щIэ жыIапхъэщ куей библиотекэм и унафэщI Тэрчокьуэ Анжелэ, абы и лэжьэгъуэр Мурем Кубрэ, Болэхэт Муэз, Табыхьу Заретэ, Апэжьыхь Людэ, суратыщI Iуэз Тэрчокьуэ Зауриий сымэ.

ХУЖЬОКЪУЭ Александр.

●ДызыгъэпIейтей Iуэху

Афиныымрэ щIэблэмрэ

нущ, быным гулыпIэ щыхущI, ар щагъасэ, щIэныгъэмрэ щынкIэбмрэ я кьаурыгъэ кьыщагъэсэбэп унагъуэмэ.

Псынщ1э дыдэу Iуэхум и Iэпкьлъэпкьым хьэхэ узыфэщ зи гугъу щIыху, бгъэхьужьынкIэ Iимал кьыщIэмыгъуэтыжьыр нэхъыбэу. Псом нэхърэ нэхъ текIуэныгъэ ин дыдэр уэ езыр узытекIуэныжьыщ.

Адрианым иубыда цIыхум и гугъэщ зэран льэпкъ зыхэмыхъужу, зэрыт зэманри къэкIуэнурри икьукIэ фIыуэ, дахэу. КIыпIэплъэ мыгъуэгъэр ищIэжатэмэ...

А гъэугум утехьэнар тынш дыдэщ, ауэ укьытекIыжьыну куэдкIэ нэхъ гугъущ.

ТIЭШ Михаил.
Бахъсэн къалэ.

Илъэс къэс

● Зэпеуэ

Хабзэ хьууэ, илъэс къэс Хэкум и хьумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу Налшык дэт курыт еджапIэ №19-м ещанэ-еплIанэ класхэм щеджэхэм я зэхьэзэхуэ къызэрегъэпэщ. Дзэ къулыкъум теухуа зэхьэзэхуэр абы щекIуэкIащ мазаем и 20-м.

САБИЙХЭМ я зэпеуэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Ветеранхэм я советым и президиумым хэт Пщыбий СультIан, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу Полищук Иванрэ Ширшовэ Аннэрэ.

Зэхьэзэхуэр кьызэIуахьа, школым и унафэщIым IэсэныгъэмкIэ и къуэдзэ Бриденкэ Владимир цIыкIуэр кIэщIу щыгъуэзэ ищIащ Урысейм и дзэр кьызэрызэрагъэпэщащэу щытам, абы и мыхьэнэм, зэрефIэкIуам, нэгъэщIэжьам.

ЗэIущIэм кьрихьэлIа ветеранхэр сытым дежи сабийхэм зэрадзлажьэм папщIэ фIыщIэ яхуищIри, тхьилъэр яритащ школым и директор Мирзоев Вячеслав.

АдэкIэ ефжакIуэкэр зэпеуащ я формэм и тепIэмкIэ, сатыумэ хэту зэдкIуэ кьэкIуэлымкIэ, уэрэд жьIэнымкIэ, нэгъэщIэкэмкIи.

Зэхьэзэхуэм щытекIуащ балли 141-рэ кьэзыхьа 3-нэ «а» классыр, абы кьыкIэлъокIуэ 4-нэ «а», 4-нэ «б», 3-нэ «б» классэр.

Зэпеуэм дипломхэмрэ ПщыбийСультIан и тхьилъэщIэмрэ ираташ.

МЭЗКУУ Кьанщобий.

●ФIыщIэ

Узыфэфl щыIэкъым

Ар пэжщ. Ауэ дунейм и нэхур, и дахагъэр умыльагъун, е ар пльагъуу щытауэ кIыфIыгъэм уэзэрыхьыжьын нэхърэ нэхъ гуэзвэгъуэу щыIэр сыт?

А псор щIызыхэтщIэр Шэджэм кьуэкIи щыIэ сымаджэщым ящ щеIэзэу хэт кьудамэм дыщIэтыщи араш.

Мы кьудамэм щыIэ докутырэр сэбэн зыхуэмыхьуфу кьухэкIыр закьуэ тIакьуэхэрщ - цIыкIум узыр хигъэIэсауэ кьыщыкIуэм и деж.

Мыбы сымаджэу цIыху 60 щIэныщи, дохутырэмрэ медсестрахэмрэ яхуэмыарэзыуэ зыри кьыхэкIыркъым.

ШхынкIи, тепIэнщIэтынкIи, кьабгъагъэкIи отделенэр зэпэщащ.

Зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI, цIыхум и гуэзвэгъуэр кьызыгурыIуэ лэжьакIуэжу зэхуэсыжащ мы гупыр, жыпIэкIи егъэлеи хьунукьым.

Апхуэдизэщ дохутырэу Къущхьэ Светланэ, Балъкъэр Шамил, АфIэунэ Марат, Нэгъуей Иннэ сымэ. ОперацIэ щащIкIэ ядэIэпыкьу медсестрахэу Бестынэй Фатимэ, Хей Ритэ, Токуевэ Роэ, процедурнэм щIэтхэу Дыщэкl Лидэ, Кучеровэ Любовь, постым щытхэу Къумыкьу Тамарэ, Къэжэр Людэ сымэ.

ФIыщIэ яхудощI зи гупыр тэр ин, зи Iэщ1агъэм хуэIэижь щыIэхэм.

Пщыкъуэ, Зэкlуей, Ныр (щIыхубзым я узэщIэ щIэтщ тхыгъэм).

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жьэкlэмыкьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаес Маритэ, Льостэн Муэз, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокьуэ Жансуратэ, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ЭЗЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ-нэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхьмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьуэ Iуэхущ1апIэхэм я зэдзэкъэшмакьмкIэ - 42-22-85; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; етъджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; суратхэкIи - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыкьа бжьгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуу зэныту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдпажьм яхуэхьыныр и пщэ дэлъи КъБР-м федеральнэ пощт зэнащIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щынымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м ЗУ-1-106-Ф1 щIэныгъэхэм.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м щIэныгъэхэм хьыбарегъащIэ ГэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елъытыжьу: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Жылаес Заиир, корректорэу Афэ Тамарэ (2,4-нэ пп.), ПхытIыкI Юрэ (1,3-нэ пп.), корректорхэм я дэIэпыкьуэгъуэ Иуан Заирэ. КомпьютеркIэ газетым и теплъэр щIащ: Дол Маринэ, ГъукIэлI Рае, Щомахуэ Маринэ, суратыщI Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.095● Заказ №755